

## KONSEY K'AP EDE TRAVAY LAKAY OU AK PITIT OU

### \* PREPARASYON

- \* Itilize divès kalite imaj, mouvman, jès ak siyal langaj pou w sipòte e elaji aprantisaj L2 a
- \* PALE sou eksperyans pèsònèl ou ki gen rapò ak lekti w'ap fè a
- \* Rekonèt e aksepte kominikasyon ki pa vèbal
- \* Pèmèt li pran plis tan
- \* Pèmèt li fè repetisyon
- \* Di sa w'ap di a klèman
- \* Ensiste sou vokabilè prensipal la
- \* Pale pi dousman (pa pi fò!)
- \* Pèmèt li jwenn yon bagay ki dwe fèt chak jou

### \* PREMYE KOMINIKASYON LI

- \* Pale sou vokabilè ak konsèp yo anvan w koumanse lekti a
- \* Fè pitit ou a mete etikèt sou imaj ak bagay yo pou ede l konprann
- \* Eseye jwenn koneksyon ki genyen ant L1 ak Angle
  - \* Pa egzanp, Espanyòl di: animales = animals ; (Kreyòl di: zannimo = animals)

\*

### \* DEVLOPMAN LANGAJ

- \* Eksplike, bay detay, fè konparezon e fè repetisyon pou w fòme repons pou aktivite yo
- \* Konsantre sou kominikasyon nan kontèks enpòtan kote pitit ou a kapab eksprime li nan pale e nan ekri panse li yo

### \* Nivo 4: KOMINIKE AK FASILITE MWAYEN

- \* Ankouraje l pou l imajine – ekri, teyat, aktivite atisyik, mizik
- \* Ankouraje pitit ou pou l ekri istwa, powèm orijinal, etc.
- \* Kontinye poze l keksyon pou w tcheke konpreyansyon l
- \* Kontinye Panse istwa a, rekonèt bagay ki reyèl yo epi pale sou imaj yo

### \* Nivo 5: KOMINIKE AK FASILITE AVANSE

- \* Mande pitit ou pou l rakonte w istwa a oswa lekti a nan lang ki itilize lakay ou
- \* Mande pitit ou pou l konpare enfòmasyon tou nèf la ak kilti pa l la e ak eksperyans pa li
- \* Mande pitit gason w oswa pitit fi w ki sa l panse sou enfòmasyon tou nèf sa a